

REGIPIOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA :

1 taoen . . . . .	f 6.—	} njoewen ka-
1/2 " . . . . .	f 3.—	
3 woelan . . . . .	f 1,50	

Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja . . . . .	f 36.—
1/2 " . . . . .	f 18,65.
1/4 " . . . . .	9,75.
1/8 " . . . . .	f 5,25.

Saladjengipoen : saben 1 cm<sup>2</sup> . . . . . f 0,03;  
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit - alitan : f 1.—  
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-  
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur :

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrésipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Diokja.

### NAWALA SAKING PARA PANGAGENGING PASA-MOEAN SOETJI ING TANAH DJAWI.

Karahajon ing Goesti dateng para Pastoer lan kadang Katoelik ing tanah Djawi.

Énggal poenika koela sami tampi paring pangandika dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa alantaran. Pandjenenganipoen Mgr. B. Cattaneo Delefaat dalem ing Australie, soepados koela sami ngadjak para Pastoer-pastoer lan para kadang Katoelik moeljakaken sarta mèngeti gangsal welas abadipoen Konsili ing Épése rikala taoen 431 nalika djoemenengipoen I. S. K. Santo Bapa Celestinus I. Sageda toemindak kanti semoewa sasarengan kalijan tjang Katoelik sadjagad.

Bingah koela kados poenapa kémawon, déné kapareng toemoet ngindakaken pakoermatan katoer Kangdjeng Iboe Dèwi Marijah sarana mèngeti dinten waoe kanti semoewa kados ingkang sampoen dados mastinipoen toemrap pera poetraniipoen Pasamoewan Soetji ingkang mbanjoen-toeroetan.

Awit nawalanipoen Kangdjeng Kardinaal Sincero, Prefect Congregatie Soetji babagan Pasamoewan tjara Wétanan, ingkang ngrembag prakawis waoe sarta sinerat atas asma dalem I. S. K. Santo Bapa, oengel poen makaten:

Konsili ing Épése sampoen moetoesi nganggep panasaran dateng piwoelangipoen Nestorius, ingkang boten pitados bilih Sang Kristoes poenika namoeng Djedjer satoenggal, Djedjer ka-Allahana sarta boten pitados, bilih Dèwi Marijah poenika Iboening Allah. Konsili waoe ngoendangaken dateng tjang Katoelik sadaja kanti semoewa sarta tinandoe kan kabingahan ingkang boten kénging winiraos déning para kadang Katoelik, bab pakoermatan toewin pangkatipoen Dèwi Marijah, anggènipoen dados Iboening Allah.

Kadjawi poenika Kangdjeng Santo Bapa ing Roem paring pangandika dateng para oetoesan dalem ingkang ndjenengi Konsili. „Sampéjan koela wadjabaken naméngi pangowasanipoen Santo Bapa, ngantos oepami kalampahan pabanan, sampéjan kedah soeka poe-poetoesan mênggahing pamanggih-pamanggihipoen, ngrika, sampoen angsal nglawan.“

Piwoelang ingkang nganggep Dèwi Marijah déné Iboening Allah poenika roemijin sampoen dipoen-poetoes kaanggep panasaran déning Kangdjeng Santo Bapa ing Roem sadèrèngipoen Konsili moetoesi. Para Biskop ingkang ndjenengi Konsili sami moetoes nganggep jèn Nestorius nasar, dados tjotjog kalijan welingipoen Kangdjeng Santo Bapa dateng wawakil dalem iagih poenika Cyrillus, Patriarch ing Alexandria.

Kados déné ingkang sampoen kapangandikakaken déning Philippus Legaat dalem Kandjeng Santo Bapa, ing rikoe oegi sareng-sareng katetepaken ngantos boten kénging dipoensélaké, bilih Kangdjeng Santo Bapa ing Roem poenika koewasa ngerèh dateng para Biskop lan Pasamoewan sadjagad.

Kadjawi poenika Konsili ing Épése moetoes nganggep kèter dateng Celestinus sarta golongan Pelagian poenapa malih minangka kanggé merangi panasaranipoen, piwoelang ngandel dateng dosa asal lan bilih sih poenika perloening perloe ladjeng dipoentetepaken kedah dipoenanggep.

Djalaran saking poenika poetoesanipoen Konsili ing Épése poenika katah toer saklangkoeng wigatos toemrap piwoelang Katoelik ingkang kedah dipoendandé. Langkoeng-langkoeng piwoelang jèn Dèwi Marijah poenika Iboening Allah, tjeta sampoen kapoetoes sarta kaanggep piwoelang ingkang kedah kaandel.

Mila Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI ing Roem inggih kagoengan pamoendoet, soepados ing taoen poenika tjang Katoelik sadjagad sami mèngeti dinten gangsal welas abadipoen Konsili ing Épése.

### PRADJA RAHAJOE.

#### OEROEN BOEMBOE.

Offerfonds Katoelik kawontenana!

Njambeti karanganipoen kiraka Patjar Mérah ing Swara Tama no. 27; ing karangan ingkang atitel: Dadosa panggalihanipoen pakempalan.

Ing rikoe wonten pitakénan: Manawa ana pangandjoer Katoelik, marga nglaboehi pakoempolané, nganti dipotjot saka pangawéjané, kaprijé bakal tandangé P. P. K. D. oetawa K. W.? poenika pitakénan ingkang kapisan. Pitakénan no. 2, poen pangandjoer waoe ngantos kalampahan kablanggoe oetawi mlebet ing pakoendjaran, sinten ingkang badé ngopèni anak sémah?

Ingkang makaten poenika pantjèn kasinggihan sanget, tjotjog kalijan gagasan koela. Sampoen lami koela rembagan oetawi omong-omongan kalijan satoenggiling sadèrèk, nanging gagasan waoe dérèng ngantos kawedal ing Soera Katholik oetawi ing Swara Tama. Kaleresan sa-poenika wonten ingkang ngènggetaken, gagasan waoe koela ladjengaken. Djilèntrehing gagasan waoe makaten: Sadaja para sadèrèk bok-inggih samia karsa manggali, manawi dados pangandjoer poenika katah sanget aralipoen, temtoe kémawon aral anggènipoen mangandjoeri poenika, boten kok persoanipoen; boten doepèh sampoen ngènggèni dadasar agami; oetawi manawi badé ngantjèk „delict“, ladjeng kaendakaken, inggih manawi poeroen, manawi boten kados-poendi? poenika temtoe ladjeng boten kénging delict. Kangènipoen prijantoen ingkang montjèr, boten poeroen ladjeng namoeng moendoer palarasan, manawi idam-idamanipoen boten katjèng; djalaran ingkang dipoen-wedalaken waoe temtoe medal saking boedi wening, aral oetawi katranganipoen sampoen dipoen-sangkani dipoenkalang-kalang, tjekakipoen katrangan poenapa sampoen boten ngoetjowani. Woewana kalampahan kénging „delict“, ladjeng mlebet ing grija gedong ageng; mangka anggènipoen loemebet ing grija gedong waoe inggih atas namaning anggènipoen dados pangandjoering kempalan, oetawi ngemoedèni pakempalan. Poenapa makaten poenika kita ladjeng namoeng pasrah, ja mangsa boronga kono, karepmoe. sangganen déwé, djenèh kok ndadak ngono barang, wis ngerti ta nèk rekasa, kok gelem nglakoni. Poenapa inggih téga doemoegi samanten, panginten koela manoe raos, kok boten tegel.

Ha, sa-poenika rékanipoen njaroedjoeki poen boten tegel waoe kados-poendi, poenapa kita ladjeng kakelempak arta, manawi sampoen nglempak ladjeng kakintoenaken. Manawi saking pamanggih koela pijambak, kok angèl nglempakipoen, djalaran tarikan kanti bledjogan, toer njarengi dipoen 50%, poenapa boten mèlèt-mèlèt. Lo koela boten kok ngilani para sadèrèk ingkang wonten-wonten; temtoenipoen manawi wonten sadèrèk ingkang sembada, saged oegi boten ngantos dipoen-wonteni pakempalan tarikan sampoen kasanggih pijambak, poenika kadjawi, koela boten saged matoer malih. Ingkang koela rembag ing riki poenika para ingkang namoeng trep oetawi tiraha inggih namoeng sakedik, manawi dipoenbledjog poenapa boten rekaos; sampoen arta dérèng nglempak, ingkang noeloengi mênggèh-mênggèh, kabekta megeng napas saking anggènipoen welas dateng ingkang kadawahan oerak; ingkang kadawahan dengoeng selak memelas; saka manawi sampoen apoepoetra, gèk taksih alit-alit, hara kados-poendi poenika, poenapa inggih tegel, wentala?

Mila saking pamoedji koela oetawi panjoewoen koela dateng ingkang sami ngroemaosi boten wentalan, samia karsa ngwontenaken srana sanès, ingkang kasanggih sami sakétja-

nipoen, lah poenapa, poenapa kadamelaken aandel, poenapa sanèsipoen. Manawi saking pitedahing sadèrèk lan pamanggih koela prajogi dipoenwontenana offerfonds, temtoe para saodera boten kekilapan mênggah teges oetawi antjasipoen offerfonds poenika, déné katah sakedikipoen koela soemanggakaken dateng ingkang kawogon.

Toer manawi dipoenmanah, sami déné badé kètjalan; tarikan bledjogan inggih kètjalan; mawi offerfonds inggih kètjalan, nanging sami-sami kètjalan rak gampil srana offerfonds; awit sampoen kénging katemtokaken, pangrantjanging blandja ingkang badé medal saged kagoenggoeng, sadaja poenika waoe temtoenipoen manawi sami dipoenaroedjoeki ing para sadèrèk. Déne toemindakipoen oetawi ingkang badé nindakaken mangandjengi soemangga karsa poenapa P. P. K. D., poenapa K. W., poenapa W. K., sakoela namoeng kantoen saeroen. Ing saloegoemipoen wontenipoen temboeng offerfonds poenika déné barang énggal, kalangan sadjawanipoen Katoelik sampoen wonten, malah sampoen katindakaken; njanggi karépotanipoen ingkang nilar lan ingkang katilar.

Kala roemijin sampoen wonten rembag dateng salah satoenggiling H. B. P. P. K. D., nanging kala roemijin rembag poenika boten kapandjangan, awit sampoen ragi daloe, oetawi wangsoelanipoen H. B. saweg badé njaekaken kas roemijin, bédjeng manawi sampoen saé dipoenrembag. Nanging koela entosi ngantos sapriki kok boten wonten djeboelipoen; toedjoenipoen raka Patjar Mérah ngoetik-oetik; gagasan koela ladjeng koela teroesaken sa-poenika. Anggènipoen dérèng djoemedoel poenika poenapa kas dérèng saé? Sadjatosipoen manawi ngentosi saéning kas, panginten koela kok tangèh lamoen, o poenika namoeng panginten. Oetawi malih saking pamanggih koela, H. B. waoe sadjak-sadjakipoen kagoengan panggalih ingkang soemelang; Lagi kasing P. P. K. D. baé isiné doeroeng njenengaké, kok arep nganakaké ada manèh sing oega nganggo tarikan doewit, apa kira-kira bakal bisa toemindak oetawa ana wong sing gelem dadi warga; kasinggihan, koela roemijin inggih gadah pamanggih makaten poenika; nanging sareng koela kéngetan roemijin badé pisahipoen Sw. Tm. kalijan Soera Katoelik, kados poenapa kémawon loking tjang, soemelang manawi soeda lenggananipoen, mangka kas dérèng kijat manawi ladjeng djoemeneng pijambak-pijambak. Nanging sapriki kok boten wonten poenapa-poenapa, malah lenggananipoen saja tambah; sampoen rembag poenika doemoegi samanten kémawon, temtoenipoen sadaja taksih sami kéngetan.

Dados manawi kita betah djoeroe moedi ingkang tetep, mantep, teteg anggènipoen nglampahaken kemoedinipoen, kedah boten owel ngedalaken ragad sakedik, ingkang oegi badé dados katah, oeger sami karsa.

Noewoen: koela poen

Poed - Ges.

### NJADONG PLOMBEERT.

Poenapa boten saja mlinder?

Para sadèrèk sampoen oeninga, bilih wiwit taoen 24, ngantos doemoeginipoen kilap bédjeng poenapa dipoenitjali, sadaja ingkang gadah toetoempakan fiets, dokar, réta, grobag motor spn. sami dipoenkèngingaken paos sarana toembas plombeert oet. vervoertskaart.

Nalika samanten para kawoela alit lan sadaja kémawon ingkang kataman, sami kraos mendekel djer ngèngeti wewah awrat sasanggènipoen. La ing samangké sasanggènipoenika sampoen boten patos kraos awrat, kabekta sampoen radi ngapal.

Menggah panariking paos toempakan waoe dipoenpasrahaken dateng pangrèh pradja kadosta: dateng Kawedanan, oetawi dateng A. R an, dateng Assistent-an, oetawi terkadang

### ISINIPOEN.

Nawala saking para pangageng enz. — Oeroen boemboe — Njadong plombeert — Diwènèhi ati ngrogoh rempela — Oendoering papadjenganipoen sareng — Batik rapport — Oenderwijs ing Indonésia — Jèn roekoen salawasé agawé santosa — Goentingan pers — W. K. lan Aksi Katholik — Pangandika Dalem K. S. Bapa Leo XIII — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap - sari — Correspondentie.

### GOENTINGAN PERS.

Swadeshi.

Swadeshi ateges: toembas, nganggé lan migoenakaken gadahanipoen bangsanipoen pijambak. Ateges: manawi ing kalanganipoen bangsa pijambak sampoen wonten boten soesah mladjeng toembas dateng tokonipoen bangsa sanès. Jèn tjara Bintang Timoer Swadeshi kanamakaken; Kètèl Nasional, Swadeshi, boten adadasar sengit ing sanès. Ingkang dados tatalesipoen: *zelfhelp*; mentas saka awaké dèwèk, ingkang toendonipoen nedyang nginggilaken daradjading bangsa, anggegèndèng iniatief.

Nembé poenika, Djakarta wonten parepatan *Partai Indonesia* (Parté énggal ingkang kéning kanamakaken gentosipoen P. N. I. ingkang sampoen kakeboer).

Wonten parepatan ngrikoe, *Mr. Sartana* oegi propaganda Swadeshi. Djempolan poenika njarijosaken:

„ . . . Kita moesti memadjoeken pearsahaan bangsa sendiri, tidak sadja laki-laki tidak perloe dengan Palam Beach, tapi djoega poetri-poetri kita tidak perloe tergilagila pada tjita Paris. Lihat kita poenja pitji, dasi dan badjoe, . . boeatan sendiri; kata pembijtjara.

Ing ngrika tètèla, *Mr. Sartana* boten namoeng noetoeri, oegi njon-toni. Leres sandjanganipoen t. Saéroen ing Siang Po: „ . . . Kita ingin njataken, bahwa seroean itoe perloe diboektiken diloeat gedong vergadering soepaja djangan hanja mendjadi seroean kosong.

Dados tjonto kedah menang kijat dajanipoen!

Kita betah tenaga, betah loeloda, betah boekti, . . . boten boetoeilat lemes, lambé ngeses tjas tjis tjis! *Prendjak Mataram.*

dipoensampiraken dateng mantri pamitjis.

Ladjeng ing sawenèhing papan bawah Ngajodjakarta Adiningrat, paos waoe wonten ingkang namoeng dipoentampèni déning personeel kawedanan tok, dados assistent-an<sup>2</sup> bawahipoen sadaja boten wenang nampèni paos waoe. Mangka para maos oegi oeninga, bilih sadaja ingkang badé asok paos waoe kedah ngadepaken toempakanipoen perloe badé dipoenpasangi plombeert lan ngiras njadong vervoertskaart-ipoen.

La sa-poenika dipoen-galih, poenapa kawoela alit ingkang grijanipoen boten sanget saking kawedanan waoe boten kraos awrat njowanaken toempakanipoen dateng dalem kawedanan? Inggih jèn toempakan waoe namoeng fiets oetawi motor, lah jèn grobag, mangka mangké wangsoelipoen saking kawedanan marginipoen minggah ndeder, oepaminipoen sadèrèk Kalioerang njoewoen plombeert dateng kawedanan Sléman, Poenapa boten memelas? Mangka oepami ing assistent-an Pakem dipoenwenangaken maringi plombeert, saged njoewoen wonten ngrikoe langkoeng tjelak. Oetawi malih sadèrèk ing Toenggoel, Nang-sri, Kemirikebo, ingkang gadah fiets oet. grobag saged njadong oet. toembas plombeert dateng assistent-an Toeri kaot gangsal palan tinimbang dateng Sléman. Nanging sareng ing ass. Toeri boten kawenangaken maringi plombeert, kapeksa njadong dateng kawedanan Sléman. Makaten oegi sadèrèk bawah ass. Tèmpèl, Ngaglik, ingkang tebih<sup>2</sup> kapeksa dateng Sléman.

Soepados para lengganan boten soesah mawi ngétang andjil-ngoet bab pembajaranipoen ing taon 1930, Administrasi badé njaoisi pétangan kanggé taon 1930 doemateng para lengganan, ingkang dèrèng kempleng pembajaranipoen kanggé taon 1930. Pétangan waoe ingkang awoedjoed postwissel-formulier lan nedahaken pinten toenggakanipoen, moegi énggal kakintoena wangsoel, mawi kakantènan arta katahipoen kados ingkang kaseboet. Jèn wonten postwissel-formulier kesasar oetawi ki-rang leres pétangipoen, kita njoewoen pangapoenten. Sadèrèng saha sasampoenipoen kita matoer noewoen.

Administrasi Sw. Tm.

Djaluran ingkang makaten waoe noenten noewoehaken raos wegah, woesana talédor oetawi kalantoer trimah boten toembaas plombeert. Dados Pamarentah pijambak ladjeng kapitoenèn, déné tijang alit saja mesakaken, djer jèn konangan politie ladjeng dipoendenda.

Rèhning tatanan kados makaten waoe saestoe damel rekaosing kanta-tja alit, sarta oegi ngrendetaken lebeting paos toempakan, lan inggih damel toenining Pamaréntah pijambak, poenapa boten prajogi tatanan waoe kaéwahan? Oepaminipoen padamelan waoe dipoendoem - doem, inggih poenika satoenggil-toenggil-ing onderdistrict dipoewenangna maringaken plombeert dateng bawahipoen pijambak<sup>2</sup>, poenapa boten saged toemindak? Toer poenika njoeda padamelan kawedanan, kanta alit boten mlinder, Negari boten kapitoenèn.

Gadjegipoen bawah Kaboepatèn Bantool inggih dipoentindakaken makaten. Oepami sanès-sanèsipoen ingkang dèrèng - dèrèng poenika njonto Bantool kémawon, istingarah badé langkoeng saé kadadosanipoen.

Taklim koela Tjatoet.

## DIWÈNÈHI ATI NGROGOH REMPELA.

Satléraman artikel poenika nggoe-djengaken; oetawi ngonsoraken ingkang paparing, inggih? Namoenng sampoem kasesa nggoeodjeng oetawi mangkel roemijin; sabar-sabar; koela atoeri nata ambegan roemijin; margi kasesa-sesa poenika sok asring damel katjelik oetawi kapitoenèn, sapanoenggilanipoen.

Noewoen; ing Sw. Tm. no. 25 ddo. 19 Juni '31 kapengker poenika, wonten soembangan karangan bab pangoeapakaraning baji, saking satoenggil-ing vroedvrouw ingkang sakinglangkoeng ambeg welas. Soembangan ingkang kaparingan waoe boten sakedik pigoena oetawi paédahipoen, nanging sawangsoelipoen; ageng lan migoenani sanget. Inggih poenika pantès tinampèn asta kakalih; toewin pinèngetan. Bab réka pangoeapakaraning baji poenika waoe boten namoenng migoenani dateng satoeng-gal kalih, nanging mikantoeiki oemoem, langkoeng-langkoeng dateng para iboe ingkang saweg katembèn kagoengan poetra sapisanan; dèrèng naté pikantoeik koepija; antjer-antjer poenika prajogi dipoenémoet-émoet sampoem ngantos kasoepèn.

Para maos, temtoenipoen inggih sami oegi kalijan panjerat; menggah pamanggihipoen bab poenika waoe; badé ngaosi lan ngèngèt-èngèt sanget dateng paparing ingkang saklangkoeng moerakabi dateng oemoem. Éwasamanten kabekta saking

moerkaning manah; sareng ngèngeti dateng sèkènging samoekawis lan tebihing grija sakit, poenapa déné goengak dateng para mitra ingkang sami katanem ing paredèn, ngraos toeni; déné wonten wawarah kados makaten sadjak - sadjakipoen rekaos anggèn koela sami badé nindakaken, boten emoh lo.

Mangga dipoenpangalih sadèrèk; saoeami kados déné para kanta sakiwa tengen paredèn-paredèn poenika badé tik-tik dokter; kedap-kedap dokteran; rekaos sanget, langkoeng-langkoeng kanggé tijang èstri, mawi ngemban laré; (kabekta saking . . . ngantos boten kijat gadah réntjang oetawi batoer); mlampah-ipoen sakétja; medak taksih éjoeb; mangké wangsoelipoen; pentèr; pentèjètan ngemban laré. Poenapa boten melaaaaa????? Badé naxi inggih manawi wonten kantanipoen tjekap setangsoel oetawi kalih ketip, (nrimah kaenèt-ènèt kalijan bangsa djembak-djembakan poenika), manawi boten wonten kantanipoen kedah gé-lo 1. Apa koewat??? Toh kadhé-kasinggihan manawi kapinoedjon bagas kasarasan ngaten mandar boten poenapa-poenapa; nanging poenika waoe; ngik dokter, grija sakit; ngèk ndara dokter, poliklinik, rak rekaos; njèlèngi ngono!!! Sing ditjèlèngi wé apa??? Malah tekort njata; saja sa-poenika djaman tjowokan; poendi ingkang badé dipoentjèlèngi??? Sampoem-sampoem; stop!

Sarèhning badé ngèstokaken oetawi nindakaken wawarah kados ingkang sampoem kasebat ing Sw. Tm. no. 25 ddo. 19 Juni '31 kapengker kanggénipoen sadèrèk ingkang mlenik bajariipoen rekaos, lan ingkang katah-katah katanem ing padoesoenan oetawi paredèn tebih lan grija-sakit oetawi poliklinik, boten patos kijat; kadjawi moeles sang kantung inggih sajah badanipoen. Atoer koela poenika boten ngadahi teges „emoh”, lo sadèrèk; mandar ngraos tjoeua déné kok kesangeten anggènipoen djégrang.

Inggih poenika mbokbilih ndadosaken danganing panggalih saha senggang; para prijantoen ingkang kagoengan pamanggih oetawi lampah sanès tjara étangipoen; karsaa ngesokaken wonten ing taman riki, dadosa pepindanipoen sak kanta koela sami ingkang boten patos santosa oetawi kijat nglampahi, nindakaken tjara pangoeapakaraning baji kados ingkang sampoem kwatir ing Sw. Tm. kapengker; kabekta saking tjoeptet, boten kok boten poeroen; margi tjoeptet. Saking kedah-kedahipoen dipoenwastani madjeng; sok ladjeng boten ngilo; la ladjeng kedjeglóng; mangka kanggénipoen bangsa kaeom blandjan boten pandang ageng alit; manawi sampoem

moengel kedjeglóng, wah rekaos sanget wangsoelipoen. La mangka saepoenika saweg djaman gegèr ndandosi economie; mangké manawi ngantos kapireng oetawi kasoemerepan dateng sang economiestis rak dipoen-goegoedjeng; wong sing didandani doeroeng pada bener, malah wis ana sing roesak manèh.

Mangga sadèrèk, koela soewoen kanti sanget, ingkang kagoengan karsaa paring wawarah bab pangoeapakaraning baji oetawi sanèsipoen; oegi manoe kamadjengan; dateng sadèrèk pandjenengan ingkang sami keslempit wonten paredèn, tebih grija sakit, lan ingkang boten patos rekaos anggènipoen sami badé nindakaken. Temtoenipoen para prijantoen sepoeh ingkang sampoem raji dangoe oetawi kerep njratosi poetrao - petranipoen langkoeng damang bab poenika. Oepami laré ngak - ngik; nesep boten poeroen; neda nglepèh: O iki marga anoe; sampoem naté ngalami), koedoe ditambahi anoe; bv. godong anoe, bonggol anoe sapanoenggilanipoen. Waton saé lan resik panggarapipoen rak inggih katah pitoeloengipoen.

La metoe koloté ki. Apa ora koelak warta adol proengon jèn iki wis salin djaman; djamané djaman kamadjoean goes???

Mangké ta mangké saodera; sampoem kasesa doeka; panjerat kados inggih sampoem ngakeni; lan oegi njoewoen tjara kamadjengan; déné panjerat gadah panjoeuwen sanès dateng para sepoeh:

1e. Gagajoetan lan kamlaratan kita oetawi tebihing dokteran oetawi poliklinik; saoeami kasembadan makaten panjerat boten soesah ngre-repa amelas asih malih; soembangan saking satoenggil-ing bakjoe vroedvrouw ingkang kapengker poenika sampoem tirah tjekap.

2. Manawi boten kasoepèn kados-kados pandjenenganipoen salah satoenggil-ing bendara dokter inggih wonten ingkang migoenakaken djaman

**VAN LITH - STICHTING**

J E J A S A N  
ingkang  
andjoendjoeng  
dradjadipoen  
gotrah  
KATOELIK  
SADAJA.

Penningmeester V. L. S.  
p/a 2e Convict.  
Moentilan N. I. S.

pi bangsa ron-ronan oetawi bonggol-bonggol; la poenika toemrap sak koela oetawi kanta ingkang tebih lan rekaos dateng grija sakit rak inggih ageng sanget pitoeloengipoen.

Sampoem samanten kémawon; panjerat njanjadang paparingipoen sang ambeg welas; sadèrèng-sasam-

poenipoen matoer noewoen; lan njoewoen samodra pangkasama dateng pandjenenganipoen vroedvrouw; ingkang kagoengan pangowel samanten agengipoen.

Aksamanta Jos.  
Persectie Moentilan.

## OENDOERING PAPA-DJENGANIPOEN SAREM.

Kanggé bawah Soerakarta ing salebetipoen woelan Juni 1931 poenika lampahing sarem ingkang medal kasadé soeda 5700 boengkoes, pangaos 5700 × f 1,60 = f 9120, jèn katandang kalijan wedalipoen kala woelan Mei 1931.

Ing bawah Soerakarta sadaja wonten sadasa zoutpakhuisen, dados saben satoenggal zoutpakhuis, karatjak soedaning panjadénipoen sarem wonten 5700 : 10 = 570 boengkoes, pangaos 570 × f 1,60 = f 912.

Menggah oendoering sarem waoe temtoenipoen oegi margi gagajoetan kalijan djaman malaise poenika.

Ing sarèhning djaman malaise, poenapa kanta ngwingking oegi ladjeng ngirangi anggènipoen njaremi otjal-otjalanipoen? Tenèh tjemplang! Poenapa ladjeng katah sadèrèk ingkang sami „moetih”? Koela nginten boten!

Manawi mitoeroet katrangan-katranganipoen para mantri sarem ing bawah Soerakarta, menggah oendoering sarem waoe, margi saking kirang sadèrèk ingkang sami gadah damel.

Sanadjan wonten sadèrèk gadah damel oegi, ing wekdal samangké sami namoenng trimah tjlimèn lan sawontenipoen kémawon. Boten perloe otjal-otjal katah lan warni-warni. Margi sakedik barang ingkang dipoenotjal, temtoe kémawon oegi namoenng sakedik kabetahanipoen lan panoembasipoen sarem.

Sanès kalijan ingkang sampoem-sampoem, manawi sadèrèk tani sampoem panèn pantoen, ladjeng katah ingkang sami rasoelan, mantoe, tetakan lsp., toer ratjak ageng-agengan.

Sawenèhing mantri sarem, wonten ingkang nerangaken, manawi ing papan paredèn, oepaminipoen ing Wonogiri, manawi sadèrèk tani mentas panèn pantoen, poenika ladjeng katah ingkang sami neda sekoel. Margi poenika betahipoen sarem langkoeng sakedik, tinimbang manawi sami neda sekoel gaplèk (tiwoel). Dados ing tanah paredèn kados Wonogiri poenika, adjenging sarem manawi pinoedjoe mangsa gaplèk. (?)

Ing tanah Soematra lan Borneo, lampahing sarem langkoeng madjeng manawi pinoedjoe mangsa oesoem doerèn. Awit tijang-tijang ladjeng sami damel asinan doerèn.

Déné asinan doerèn waoe dipoenwastani tempojak; déné kanggénipoen kadamel njambel.

Kadjawi poenika manawi pinoedjoe mangsa katiga, lampahing sarem madjeng sanget, awit ing mangsa katiga katah tijang-tijang misaja oelam loh. Déné angsal-angsalanipoen oelam waoe ladjeng kadamel gerèh, baloer, trasi lan sasaminipoen.

Dados ing Soerakarta — mbokmanawi inggih satanah Djawi oegi — lampahing sarem goemantoeng tijang gadah damel, ingkang temtoe

## PANGANDIKA DALEM I.S.K. SANTO BAPA LEO XIII.

Ngrembag bab kawadjabaning joernalis Katoelik:

A. Tijang ingkang njerat wonten ing serat kabar lan mradinaken serat sanès-sanèsipoen poenika manawi kabekta saking raos Katoelik, sanget maédahi toemrap agami lan Pasamoewaning Allah. Boten wonten pandamelan ingkang ngoengkoeli wigatosipoen katimbang kalijan namèngi wewenanging kanjataan toer ingkang kados makaten poenika kinantèn katresnan, awit samangké poenika djamanipoen panasaran warni-warni sarta djamanipoen kiroeh ing babagan kasoelan lan pangan-del ing prakawis agami. Koela jakin, jèn padamelan sampéjan badé ngedalaken woh katah, samangsa sampéjan nggega dateng pitedah lan piwoelangipoen Santo Bapa. Santo Bapa poenika saestoe dados pandemèn ingkang kekah, ingkang njanggi kaadilan sarta kanjataan, oetawi bètènging pangowasa, bètènging ingkang boten saged katekem ing tanganing mengsah, sanadjana ing samangké katempoech saking poendi-poendi. Santo Bapa poenika oegi minangka soehing roekoen lan katentremen, soeh ingkang kekah.

(Pangandika dateng para wakiling pers ing Duitschland, 17 April 1893).

B. Sampéjan, para wakiling pers Katoelik, kedah nggatosaken sanget dateng pangandikanipoen Santo Paloes. Ing golongan sampéjan sampoem ngantos wonten tjotjengkrahan, nanging malah samia roekoen ingkang sampoerna, roekoen menggahing gagasan lan tindak. Piwoelang sarta dawoehipoen Pasamoewan Katoelik sampéjan tetepi lair batos.

(Pangandika dateng para wakiling pers Katoelik, 21 Pébroewari 1885).

salebetipoen woelan Redjeb, Roewah, Besar. Déné ing Sumatra lan Borneo ing antawisipoen Mei lan October.

Bandoeng 17 Juli 1931.  
Taklim V. J. SOEH.

## BATIK RAPPORT.

Toean P. de Kat Angelino Inspecteur van Arbeid sampoem ngemoemaken palapoeran anggènipoen niti priksa kawontenan ing salebet-ing panggaotan ambatik ing Djawi Tengah. Palapoeran waoe awoedjoed boeke kandelipoen 332 katja, regi f 3.—

Wonten ing Batik-Rapport waoe tétéla panggaotan ambatik ing Djawi Tengah (tjap-tjapan lan batikan tangan) sapérangan ageng taksih katjepeng ing bangsa kita pijambak. Poenika sanget ngagengaken manah. Tjoba, tjatatet ing ngandap poenika dipoenpirsani.

Mangga poenapa boten ngagengaken manah. Papan pamabatan 2347, ingkang gadahanipoen bangsa kita 1804. Moegi sageda toeloes.

Kadjawi poenika wonten ing Batik-Rapport waoe kita saged mangertos kasangsaraning pangobèng,

## DJAGAD WANITA.

W. K. LAN AKSI KATHOLIEK.

(Sosorahipoen Mejuffr. Thr. Soelbirah wonten konggrès P. W. K. — teroesipoen).

Doemoegi samanten kita ladjeng mangertos sajektos bilih kita para W. K. saged mbantoe Missie mawi sarana katah waoe.

Kados déné tijang ing Indonèsia koela kedah boten kasoepèn ngandaraken lalabetanipoen „St. Melania-Vereening” ingkang pandjenengan sadaja temtoe boten kekilapan oegi.

Statuten „St. Melania-Vereening” ingkang wonten negari Welandi njeboetaken: „De R.K. vorming van de Inlandsche vrouw voor huisgezin en maatschappij in onze koloniën” dados nedyo mitoeloengi wanita ing tanah Indonèsia lan Hindia kilèn.

Ing Statuten St. Melania-Vereening ingkang wonten ing tanah Djawi koela temtoe mangertos bilih „t St. Melania-werk voor Java” poenika ngoedi para iboe - iboe ing tanah Djawi dadosa iboe ingkang oetami, pinter, lan waras badanipoen, ingkang bab poenika waoe sanget moerakabi kanggénipoen bangsa kita. Lalabetanipoen „t St. Melania werk voor Java” pandjenengan tentoe boten kekilapan, koela atoeri mriksani wontenipoen Meisjesscholen — kliniek — kraam - verpleging l.s.p.

Para sadèrèk!

Doemoegi samanten kita saja nger-

tos tjeta sanget bilih actienipoen W.K. njata peng - pengan. Pasamoean Soetji sanget ngalambana dateng lalabetanipoen pakempalan - pakempalan waoe. Pasamoean Soetji tentoe mongkog déné kagoengan poetri-poetri ingkang mangertos ing wadjab.

Kados makaten poenika actienipoen W. K. nagari sanès ingkang katjaosaken dateng missie.

Nitik poenika, kita saged ngintènginten pijambak kados-poendi actienipoen W. K. ing rika ingkang katodjokaken dateng badanipoen pijambak; kita mangertos oegi sapinten inggiling kamadjenganipoen pakempalan ing tanah-tanah waoe.

Sapoenika mangga para sadèrèk, tjobi nolèh dateng pergerakan W.K. Djawi!

Kita para W. K. ingkang saweg brikib-brikib ngantjik djaman ngililir, ngantjik djaman kamadjengan tentoe ngakeni bilih taksih kontit sanget jèn katimbang kalijan pergerakan W.K. bangsa sanès.

Sampoem malih ingkang actie toemandja kanggé mitoeloengi bangsa sanès, saweg kanggé mitoeloengi bangsa kita pijambak, gotrah kita pijambak kémawon taksih dèrèng maremaken, kabekta saking taksih enèming pergerakan kita, makaten oegi sakedik ing tjatjah kita lan kekirangan sanès - sanèsipoen.

Nanging babagan poenika kita boten perloe alit ing manah, para sadèrèk, saking sakedik waton kita njamboet damel toeros, tentoe badé

kadoemoegèn ing sedya. Sadaja-sadaja poenika wontenipoen ageng, alit roemijin, sagedipoen katah sarana nglempakaken mbaka sekedik!

Ing nginggil koela sampoem matoer, bilih kita sadaja saepoenika ngambah djaman kamadjengan, bilih kita W. K. inggih kedah toemoet mitoeloengi missie ing Indonèsia soepados saja damel koentjaraning Iboe Pasamoean Soetji wonten ing tanah Indonèsia.

Dados tanah Indonèsia kémawon roemijin.

Kados-poendi saged kita?

Inggih poenika srana ngijataken barisan ngambah margi Katholieke sociale actie.

Kath. Soc. Actie makaten pambijantoe ingkang asal saking tijang Katholieke limrah, moerih koentjaraning Pasamoean Soetji.

Katholieke Actie poenika ngewrat prakawis pakarjanipoen tijang Katholieke limrah ingkang magepokan oetawi sasambetan kalijan kabetahanipoen pijambak, kabetahaning ngagesang sasarengan wonten ing madyaning maatschappij, makaten oegi ngewrat prakawis pambijantoe ingkang katjaosaken dateng para ngoelama, moerih saja djembaring kraton Dalem Sang Kristoes.

Kath. Soc. Actie makaten kènging kagajoech mawi srana warni - warni sanget.

Inggih poenika kados ingkang katinadakaken W.K. ing riki poenika, wonten malih mbantoe Congregatie, tampi Communie sasarengan, ngedegaken cursus - cursus poenapa ké-

mawon, tjekakipoen sadaja padamelan ingkang migoenani lan saged kita tindakaken.

Dados Kath. Soc. Actie poenika mbangoen lan njampoerakaken tijang, inggih ing babagan ngibadah, inggih ing babagan agami, babagan anggènipoen nama kawoela, srana ngisèni kawroeh ingkang ndjoendjoeng dateng karoematan Katholieke, moerih rahadjeng ndjawi nglebet, djasmani langkoeng - langkoeng rohaninipoen.

Para sadèrèk!!

Sadaja poenika waoe manawi W.K. saged mraktijkaken, boten sakedik lalabetanipoen W.K. inggih toemrap dateng kabetahan kita pijambak, moerakabi toemrap ing gesang sasarengan toewin boten sakedik dajanipoen kanggé Pasamoean Soetji.

Mangga katindakaken, poendi ingkang kènging karoemijnaken, énggal katandangana!

Sanget koela poepoedji. koela alembana déné P. W. K. toemoet nandangi onderwijssactie ada-ada saking P. P. K. D. lan P. K. W. Moegi P. W. K. ndjoemangkaha wonten ing onderwijssactie, moegi manggalaha dateng Meisjesonderwijs, djalaran kamadjenganing wanita wonten ing tanah ngriki boten timbang kalijan kamadjenganing para kakoeng, kabekta saking sabab warni-warni. Nanging bab onderwijs poenika ingkang perloe pijambak, awit namoenng sarana asikep kapintèran tijang saged nindakaken koe-wadjabanipoen kanti sampoerna. Makaten oegi pangadjeng-adjeng koela,

moegi W. K. W. K. samia ngadani W. K. kinderafdeeling, katoentoena kanti katlatosan. Soepados wiwit alit sampoem adjar njamboetdamel, adjar nindakaken wadjabipoen. Soepados ing tembé saged dados wanita ingkang oetami, pinter, waras badanipoen kados idam-idamanipoen St. Melaniawerk - Vereening, ingkang oegi dados idam-idaman kita, oegi dados idam-idamanipoen baanbrekster kita R. A. Kartini kados ingkang katjeta: Wonten ing tanganing para moeda poenika doenoenging toekomst kita, lan wonten ing tanganing iboening para moeda poenika toekomst kita.

Makaten oegi W. K. saking sakedik nandangana, moerih saja inggiling kasoelaning maatschappij, toemoet merangana poenapa-poenapa ingkang tjengkah lan kasoelan apes mblebes wonten kalangan kita pijambak, sokoer bagé wonten sadjawi kita. Wasana moegi W. K. W. K. saged dadosa pangajomaning sadaja wanita Kath. Djawi, moerih sadaja katarboeka manahipoen, goemréng tangi, toemandang ing damel moerih saja saéning gesang sasarengan kita makaten oegi ingkang boten sakedik dajanipoen kanggé iboe P. Soetji ing tn. Indonesia. Makaten oegi moegi-moegi tangining W. K. Djawi ladjeng dadosa katja benggalaning goemréngahipoen W. K. Indonèsia sanèsipoen! Doemoegi samanten kémawon atoer koela. Soeboera, widadaa P. W. K.!

Volksraad kalijan tenoenan Priboemi.

Kapital Nederland kalijan rembag ngwontenaken pabrik barang tenoenan ing Indonesia.

Tenoenan - isme ing Indonesia.

Wisselink prakawis ngedegaken Twente wonten Indonesia, kaseboet ing *De Locomotief* no. 161.

Twente makaten kita katoen-industrie, kita pabrik mori ing nagari Walandi. Dados „ngedegaken Twente wonten Indonesia” ateges ngedegaken pabrik mori wonten Indonesia.

Prof. Dr. J. Wisselink, maha goeroe ing Handelhoogeschool Rotterdam waoe njarijosaken soeraosipoen makaten:

„Pabrik mori Nederland, sataoentae-né bisa ngetokaké bakal pangadji f 200.000.000, koewi sing separo kakirimaké menjang sadjaban nagara (export). Saparoné sing kakirimaké menjang djaban nagara iki maleboe menjang Indonesia, kang bandjoer kena diarani ngoeripi baoné kaom boeroeh Walanda loewih saka 10.000.

Sardjana waoe saladjengipoen, angrembag Djepang anggènipoen andasaraken bakal-bakalipoen wonten peken Indonesia. Genahipoen, ateges: ngingkoop djadjanipoen dagangan Walandi wonten peken Indonesia. Lan kétéjalan teba makaten poenika adamé sangsara.

Ngèneti ingkang makaten waoe, Nederland kedah ladjeng sijaga, amékan sampoen ngantos dagangan mori sasaminipoen kedesek kéntas saking Indonesia. Mila prajogi sanget saoe-pami kapital Nederland saged ngedegaken pabrik mori wonten Indonesia. Nanging inggih kedah dipoenwékani sampoen ngantos Djepang saged nimbang ngedegaken pabrik mori wonten ngriki.

Ngedegaken katoen - industrie wonten Indonesia poenika saking pamanggihipoen sardjana waoe mila saged, angèneti: 1. kaeom berah ing Indonesia tirah - tirah toer épahanipoen mirah; 2. tebanipoen wijar; oegi manawi ngèneti indaking djiwa lan indaking tataraning kamadjanipoen bangsa.

Samanten kémawon anggèn koela ngringkes sosorahipoen prof. dr. Wisselink ingkang andjogipoen anggoegah soepados kapital Nederland ngedegaken pabrik mori wonten Indonesia.

Koela tanggel, sedy makaten waoe boten saged kadoemoegèn sadeg sanjet. Éwadéné samangké terang: ing salebetipoen bangsa kita goemrgeot andandosi ékonomi sarana ngadjengaken tenoenanipoen pijambak, oegi wonten kaleset nedya ngedegaken pabrik mori wonten tanah kita.

Sapoenika, kaleset ingkang boten mokal saged maedjoed pabrik andjenggarang waoe, poenapa badé andajani oendoering derengipoen bangsa kita anggènipoen moemoelé tenoenanipoen pijambak?

Boten, . . . babar pisan boten. Djer, pergerakan *tenoenan - isme* samangké poenika, temenipoen boten goemantoeng daja saking *ndjawi*. Nanging mligi oebaling daja saking *pribadi kita* anggènipoen nedya andandosi ékonomi.

Tenoenan - isme boten nedya ndjadjari oetawi ngedjori pabrik-pabrik modern. Nanging kados ingkang sampoen naté koela atoeraken: namoeng mligi anggegesang kagoenan, loemajan manawi saben grijanipoen rakjat saged nenoen lan ambatik. Saboten - botenipoen mesti boten soesah keraja-raja ngenak - enakaken toembas. Prakawis poenika angèneti rekaoson djaman samangké, saéstoe perloe sanget.

Kadjawi makaten, tenoenan - isme waoe inggih boten saged angitjali roh internasional ingkang sampoen kalebet wonten Indonesia. Pika-djeng koela: boten saged anang-goelangi manganggé mawi bakal wedalan nagari sanès: drial, lénah, laken, palembit lss.

Kumuningsaselé 19 Juli '31.  
Taklim: *Patjar Merah*.

CORRESPONDENTIE.

Saja dangoe saja sengkoe tandangipoen ingkang noentoen lan ingkang tinoentoen. Sageda ngantjik ing tataran langkoeng inggil. Ing pangangkah sageda inggong djadjar oetawi kadjaraken kalijan bangsa - bangsa sanès.

Mangga, poenapa ing poendi-poendi boten maradjak toewoehing pakempalan koperasi? Poenapa ing tanah Kedjawèn, Bagelèn lss. boten wonten ébah - ébahan anggegesang tenoenan?

Malah, ing Soera Pers - ipoen Bintang Timoer tanggal 14 Djoeli wonten ingkang moengel makaten: „ . . . Perloe djoega diterangkan, bahwa di Tasikmalaja orang soedah bisa menenoen kain oentoek djas hingga antero bestuursleden Pasoendan, dengan lid *Volksraad Otto Iskandardinata* soedah memakai djas itoe.

Toehoe nama kamadjanan!  
Ladjeng ing s.k. *Aksi* 17 Djoeli, wonten ingkang mratélakaken, makaten tjara Djawinipoen:

Manoet tjarijosipoen asistèn wedana Troetjoek kala pinanggih koela wonten „Peken loerik” ing Prambanan, tjatjahing tjang nenoen ing koekoeban ngasistènan ngriko samangké sanget madjeng. Roemijin namoeng wonten 8 - 900 somah, Sareng kala toetoeipoen taon 1930, sampoen wonten 3.000 brajat ingkang sami nenoen. Tijang samanten poenika nenoenipoen mawi pirantos pasadja, kénging dipoendjoendjoeng tjang satoenggol. Reginipoen f 4,50 sasetel, oetawi f 9, - komplit kalijan pirantos damel benang.

Mangga, poenapa poenika boten ngagengaken manah? Lan, makaten poenika poenapa boten pantes binijantoe?

Kawontenan ing nginggil poenika sadèrèk, boekti ingkang boten kénging sinélakan. Gelar jekti ingkang boten kénging dipoenengkirni, ingkang anandakaken derenging tetijang ngriki anggènipoen nedya andandosi risaking ékonomi. Mangka . . . . . manoet pangandikanipoen warga Raad Kawoela Koesoema Oetaya kados ingkang kaseboet ing Ontjèn minggo kapengker, saéning ékonomi makaten anda penting ingkang saged ndjalari kita sadjadar kalijan bangsa sanès.

Nitik kawontenan waoe, koela boten goemoen déné wonten ing Volksraad prakawis adjenging tenoenan Priboemi dipoensoegatakaken dateng Paréntah.

Kala wonten agenda „rantjangan waragad kanggé Tatanén, Panggotan lan Padangangan” dinten Kemis 16 Juli, warga Raad Kawoela t. *Oto Iskandardinata* amoedjèkaken moegi - moegi ébah - ébahan angadjengaken tenoenan Priboemi saged kasembadan. Warga poenika, malah ladjeng ngclairaken pangadjeng-adjengipoen moegi regeering kaparenga ngedegi sakolahantenoen-doesoen (dessa - weefscholen) wonten ing poendi - poendi doesoen. Dados kadjawi sinaoe tatanén, inggih sinaoe nenoen.

Sanadjan, tata - lairipoen mokal manawi babana makaten poenika tinoeroetan, déning angèneti kawontenaning arta nagari, nanging saben ingkang kilènan rah kabangsan roemaos bingah déné nalar poenika saged kawedar wonten Raad Kawoela. Nginggil saged mireng rembagipoen ngandap babagan poenika.

Toenggil dinten kalijan kawedaling pangadjeng - adjengipoen warga toewan *Oto Iskandardinata* babagan tenoenan waoe, warga t. *Soerasa* oegi ngrembag adjenging tenoenan; ing pangangkah sageda pikantoe bantoe saking regeering.

Mireng rembagipoen warga Raad Kawoela kakalih babagan tenoenan kaseboet nginggil, koela ladjeng kéngetan sosorahipoen Prof. Dr. J.

Roemaos grisinen dipoentangisi anak-anakipoen. Welas sanget dateng toekomst - mipoen para poetra manawi boten saged ngladjengaken pasinaonipoen. Mila ladjeng in actie.

Th. 1851 bangsa Welandi saged amboektèkaken ichtjaripoen. Ing Bogor madeg pamoelangan partikelir tengahan. Pamoelangan waoe nama „INSTITUUT VAN HERWYNEN”. Madeging pamoelangan waoe mligi ada-ada partikelir. Promotor-ipoen ingkang misoewoer satoenggiling tjang Inggris tw. REED.

Pangadjaran ing pamoelangan waoe saèmper ing Gymnasium. Malah pamoelangan waoe ngadani Internaat ingkang katata saé. Bangsa Walandi sanget ageng manahipoen, déné saged gadah pamoelangan tengahan wonten ing Indonesia. Ageng pangadjeng-adjengipoen soepados pamoelangan waoe saged moerakabi dateng anak Welandi.

Pamaréntah inggih sanget ngaosi dateng kamadjenganing kawoelanipoen ra'iat petak. Makaten oegi paring kasagahan manawi badé mbantoe dateng pamoelangan waoe. Nanging djeboel pamoelangan ingkang kados makaten waoe boten saged oemoer pandjang. Th. 1855 sampoen pedjah. Tjrijosipoen tw. Dr. G. J. N (ieuwenhuis?? Hc.) wonten ing Kitab peringatan Hindia Belanda, bilih pedjahipoen pamoelangan waoe margi wontenipoen gèsrèking rembag, perselisihan ingkang ngantos ramé, ndjalari risak, malah ngantos pedjahipoen pamoelangan waoe. Mesakaken!

Pihak partikelir boten telas akalipoen. Teroes anggènipoen ngempalaken arta kanggé jasa pamoelangan tengahan. Pantes tinoelad sajektos kekontjenganing manah.

Wiwit samanten pamaréntah sadjak kaéjé déning golongan partikelir anggènipoen migatosaken dateng prakawis pangadjaran tengahan. Pamaréntah inggih ladjeng roemaos bilih sampoen wantjinipoen oegi jasa pamoelangan tengahan.

Th. 1860 pamaréntah saged moedjoedaken GYMNASIUM WILEM III wonten ing Indonesia. Ing gymnasium waoe kadjawi dipoenwoelang woelang poenapa limrahipoen pamoelangan Gymnasium kados ing Nagari Welandi oegi dipoenwoelang basa Djawi lan basa Melajoe. Malah babagan oelah raga, nggambar, nglangi, ndjogéd, gending, spiets, handenarbeid, lss. sanget kawigatosaken oegi.

Pamoelangan waoe kapérang dados kalih warni. Ing rikoe voorbereidend onderwijs dateng pamoelangan inggil. Pangadjaran waoe laminipoen 6 taon. Pérangan ingkang satoenggalingipoen laminipoen pasianon namoeng 4 taon. Poenika waoe saged kagandéng kalijan vak-scholen ing nagari Welandi; oep.: dateng pamoelangan dateng.

Sipating pamoelangan-pamoelangan waoe boten langgeng. Nanging tansah éwah-éwah kémawon.

Ing th. 1867 pamoelangan waoe kaéwahan dades H. B. S. 5 taon. Ing H. B. S. waoe dipoensoekani cursus kanggé andidik ambtenaar ing Indonesia. Nanging wohipoen pamoelangan waoe boten njenengaken. Mila afd.: B waoe ladjeng dipoensoewak.

Nalika samanten pangadjaran tengahan inggih namoeng wonten ing H. B. S. kémawon.

Wasana madjeng-madjeng ing th. 1920 lair malih woedjoed A. M. S. Doemoegi samanten roemijin. Minggoe ngadjeng kaladjengaken. *Hercules*.

— V A R I A . —  
JÈN ROEKOE, SALAWASÉ AGAWÉ SANTOSA.

Sarèhning sampoen radi lami, para kadang sadèrèk R. K. Djawi ing kita Soerabaja, roepinipoen mèh sepen dateng bangsa pakempalan ingkang njarambahi kaperloean *ékonomi*, (nggemèni dateng medalipoen jatra saking blandja sawoelan-woelanipoen), mila sareng wonten *pasoesan bajaran*, poenapa malih dateng apesipoen saged dados soesahipoen tjang sabrajat, bilih kawedalaken saking pandamelanipoen, lantaran saking pangiridan - pangiridan ingkang badé dateng poenika; kados sadaja sadèrèk kita R. K. „Djawi sampoen sami damang saéstoe, boten lepat bilih samangké kedah ada-ada damel pakempalan ingkang mligi, ngrembag bab kaperloean ing nginggil poenika (werkloosheidsfondsen). Para sadèrèk kita tjabi mriksani „Sociaal leven” no. 6 saking woelan Juni 1931 saha „De Katholieke Gids” no. 37 en 38 saking woelan Juli poenika, bangsa R. K. Bond van Particuliere werknemers ing Soerabaja sampoen ngadegaken pakempalan kaseboet, saha tjatjahipoen warga sampoen langkoeng saking 100, kadjawi wonten malih ingkang bijantoe inggih poe-

nika donateurs saha warga - warga ndjawi (buitenlede.) katahipoen 20. Roepinipoen sampoen mangertos menggha toedjoenipoen saha malih perloenipoen *sadèrèk Welandi* jasa pakempalan poenika. Nanging boten dados poenapa, kita sadèrèk Djawi ing Soerabaja bilih kaklempakaken sadaja boten kirang saking 100, nanging ingkang ngasta pandamelan ing wekdal samangké ing bawah Particulier, boten wonten *sepalihipoen tjatjah* waoe babar pisan. Kados-poendi rékadajanipoen, bilih kita sadèrèk R. K. Djawi boten katampi dados warganing „De St. Joseph - bond” kempalan Particulierwerknemers? Prajoginipoen boten *perloe gamblok* oetawi neda sami katampi dados waga, sampoen tantoe boten saged adil atoeranipoen, begdjanipoen inggih namoeng dados „*buitengewoonlid*” boten gadah „*stemrecht*” enz. saoe-pami botena makaten, meksa inggih badé sanès pijambak atoeranipoen, prasasat dados *anak koewalon*?

Jèn èstoe R. K. St. Joseph bond toemrap sadèrèk R. K. tamtoe boten oesah *mbèdakaken Djawi* oetawi *Welandi*, djandji dados Particulierwerknemer, kapareng mlebet dados warganing Bond waoe, poenapa atoeranipoen inggih kasamèkaken ingkang pantes kados déné lid oemoem. Bilih *uitsluitend* voor *Europeanen* of daarmee gelijkgestelde personen, kedah namanipoen kaéwahan met „*Europeesche*” R. K. St. Joseph bond. Nanging jèn nitik panjeratipoen wonten „De Katholieke Gids no. 38” woelan poenika radi bèntjèng karep kalajan pratjkiipoen: mangga koela atoeri maos, sakedik kémawon: Onze vereeniging moet en voor *ons Katholiken* als 't ware *één familie* zijn, waar alle leden zich thuis voelen. Djawinipoen: Kempalan-kempalan kita kedah kanggé kadang kita sadèrèk katholik, kados déné tjang sabrajat sami manggèn ing sagrija. Djeboel sadoeloer Katholik Djawa tak arep, 'mboeh wis didjabakaké kolom. Ing riki kapareng njoeuwen priksa, poenapa rama Redactie saged atoer katerangan, sababipoen poenapa sadèrèk-sadèrèk katholik Djawi djaler èstri miwah laré-laré sampoen langkoeng saking 100 idji, boten saged pikantoe rama pastoe pijambak toemrap sadèrèk Djawi. (Sarèhning Redaksi boten wonten ing wingking kelir pangrèh missie, milanipoen boten saged njaosi katerangan ingkang mila pantjèn dados sababipoen. Namoeng kita saged matoer, jèn tjatjahing Rama pastoe ingkang saéstoe saged ngadosi sdr. Katoelik Djawi ingkang boten saged basa Welandi, taksih sakedik sanget. Kanggé Djawi Tengah kémawon katingal taksih tjomprang-tjampreng. mBokmanawi poenika ingkang dados sababipoen - Red.)

Saènget koela badé kaparingan satoenggol; nanging béndjing poenapa datengipoen. *Soerabaja*, béda kalijan Malang tikel tekoek, sababipoen soemangga maos Sw. T. kémawon, sampoen temtoe mangertos, samanten poenika toemrap bab *Rohani*, sanès kosok-wangsoelipoen. „Tresna marang titah.” Mila inggih boten maiben bilih kita sadèrèk Djawi ing Soerabaja ladjeng sami tjantjoet ataliwanda, dinten minggoe sonten djam 7 doemoegi mèh djam 9 daloe ngrembag bab ing nginggil poenika, wonten ing pastoeran, Kepandjèn katangganan rama pastoe satoenggol saha para sadèrèk goeroe zusteran poenapa malih kadang prija boten kirang 50 (sèket) goenggoengipoen toer klempakipoen srana gampil. Soewawi sami ngempal roekoem malih béndjing 1e Zondag tanggal 2 Augustus ngadjeng poenika ing pastoeran sadèrèk kita katholik Djawi, sampoen ngétjajéta ngroengokna ketoprak waé.

poen *Tambak-baja*.

Katrangan sakedik bab „Ngroek-tilaja” ing Batoeretna.

Ing Batoeretna wonten pakempalan pralènan nama „Ngroektilaja”; warganipoen ingkang katab para prijantoe; ingkang mimpin satoenggiling tjang katoelik. *D. K. 13-7-'31* kraos kirang sakétja, déné wargawarganipoen sami tjang Islam pemimpinipoen kok tjang sanès agami; poenika bokmanawi rak saged ngri-sakaken saréngat lan adat Islam. Sasoe-merep koela „Ngroektilaja” Batoeretna poenika ingkang dipoenbetahi: 1) arta, 2) koelawarga; tata-tjara boten kaetik - oetik. Dados boten soesah soemelang, jèn adad Islam ladjeng badé risak, margi poen pemimpin déné tjang Islam. Déné manawi pemimpin waoe katingal mesti badé nradjang reglement, panjoewoen koela, pemimpin Katoelik waoe énggal kalèrèhna saking klenggahanipoen!

Taklim koela.  
Laré wingking Grédja R. K. - Klatèn.

Tjatihing batikkerjen ing Djawi Tengah.	Tjatihipoen lan sintèn ingkang gadah.	Pribumi	Tjeng	Arab	Europ.
		21	77	8	3
Banarawas		21	8	1	1
Ambarawa		21	4	1	1
Koedoes		26	60	1	1
Djawi Tengah silih Kidol		178	28	1	1
Soerakarta		1107	60	25	1
Ngabekakata		1107	6	1	1
Tegal		24	22	1	1
Pekalongan		1	120	1	1
Semarang		1	418	113	12
Kaliworeng		1	1	1	1
Dioewana		1	1	1	1
Lasem		1	1	1	1
Goenggoeng.		1804	418	113	12
Goenggoeng sadja		2347			

lan koeli - koeli sanèsipoen wonten ing sawenèhing batikkerij.

Koela saged mangertos, koewasaning arta:

- Saged mréntah poelisi doesoen, malah oegi tjarik assistent wedana, madosaken pangobèng oetawi nglari pangobèng ingkang késah.
- Saged damel pakoendjaran partikelir. Kadjeng koela: saged nalikoeng para berah ambatik sarana arta sambotan lss. ngantos boten saged késah saking ngriko. Itjal kamardikanipoen.
- Saged ngoedjar - oedjari sarana pepisoeh, tendang, doepak dateng pangobèngipoen.
- enz.

Sampoen mesti kémawon boten sadaja papan pambatkan kados makaten.

Sateroesipoen ing *Batik-Rapport* waoe oegi nedahaken: para kaeom pangobèng boten pikantoe papan tilèm ingkang saé; sarta boten kadjagi kasarasanipoen.

Koela poepoedji moegi-moegi medaling *Batik-Rapport* poenika saged andjalari saéning Batikkcrij ing tanah Djawi. Sageda moepangati dateng golongan kalih - kalihipoen: kaeom berah kalijan ingkang mberahaken.

Tjekap samanten roemijin atoer koela. Saking sakedik isining *Batik-Rapport* waoe badé koela ringkes, koela soenggatakaken para maos.

A. S. D.

SEKOLAHAN.

ONDERWIJS ING INDONESIA.

(Babagan pamoelangan tengahan. Partikelir dados baanbreker).

VI.

Minggoe kapengker koela ngatoeraken babagan pamoelangan Kilènan. Bab tjatjahipoen pamoelangan andap gagrag kilènan waoe tansah dipoentambahi. Saja dangoe saja loemajan. Bangsa koelit petak saged njakolahaken anakipoen. Nalika samanten tjang sepoehipoen moerid ladjeng manah dateng ladjenging pasinaonipoen anak-anakipoen. Sawatawis wekdal toemindak, tjang sepoehing moerid<sup>2</sup> ingkang kapéngin ngladjengaken sekolahan anakipoen, kapeksa ngintoenaken anakipoen waoe dateng nagari Welandi. Kabekta ing Indonesia dèrèng wonten. Temtoe kémawon ragadipoen inggih katab. Nanging tjang waoe sami kijat. Kabekta blandjanipoen ambtenaar djaman samanten mila inggil. Tjekap kanggé nragadi anak-anakipoen sinaoe wonten ing nagari Welandi. Nanging kosok-wangsoelipoen sareng pedang pangiridan jasanipoen bapa pamaréntah kaeonoes, ngantos toendonipoen blandjanipoen para ambtenaar dipoensoeda, ladjeng katab sanget ingkang boten saged njakolahaken anakipoen dateng Europa. Malah temtoe kémawon wonten ingkang moengel kanti tjrotjosan loehipoen: „Wis nggèr sekolasmoe adja kotoetoegaké. Bapak ora koewat mbajari. Ja wis kaprijé manèh, lagi begdjané awak-moe! Njamboeta gawé waé!” Kaeom bapak dipoentangisi anakipoen babagan ladjenging pasinaonipoen, ladjeng sami ngatoeraken panjoewoenan dateng ingkang wadajib, soepados voorbereidend onderwijs kanggé dateng pamoelangan inggil, saged dipoenedegaken wonten ing Indonesia. Babagan poenika boten gampil. Nagari dèrèng saged minangkani panjoewoenipoen para kawoelanipoen koelit petak ing Indonesia ingkang sanget mangalih dateng kabetahaning pasinaonipoen para sinjo-sinjoniipoen. Nagari Welandi tansah ngendeg soepados pangadjaran kanggé para ambtenaar ing nagari ingkang inggil-inggil sageda katjitat wonten ing Nagari Welandi kémawon.

Kaeom bapak Welandi boten telas pangadjeng-adjengipoen. Tansah ngoelir boedi. Tansah ichtjar.

Saking Adm.  
— A. G. Soekandar, ing *W. Soerabaja*, kita matoer noewoen ing paringipoen katrangan poenika. Pitoeloengan ingkang toemindakipoen kanti kangelan kados makaten poenika, kita aosi sanget.  
— abn. 523, V. J. S. ing *Saumlakt Amboina*, pandjenengan sapoenika kanggé taon 1931 sampoen sah babar pisan.  
Saking Red.  
Karangan ingkang sampoen katampi saged: Tijang Bata, Fr. Abb; Kantoor v.d. Volkslectuur oedjoen-Kenal; P. S. Ml. Noewoen. Nanging sapoenikanipoen taksih ngentosi longgaran papan. Sampoen dados peaggalih!

# Receipt <sup>2</sup>

ER  
ER  
CEE  
E  
E

APOTHEKEN

## Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT  
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.  
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.  
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.  
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganya, moela  
f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa,  
lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.  
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk:  
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking,  
Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOELAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.  
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan  
dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:  
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

## Frieling's Glansverf A

(tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2 1/2	1	1/2 kilo.
sa - blèg . . . . .	9.—	4,75	2,50	1,10	0,60

Kwaliteit (golongan) B,	sa - blèg	10 Kilo	f 6,50.
		5 Kilo	f 3,50.

Frieling's Verflak no. 1	sa - gendoel	f 0,90.
" " no. 2	" " "	" 0,70.

Lisah tjèt Walandi	" " "	" 0,50.
Byta kanggé ngitjali tjèt	" " "	" 0,30.
Artistico Calcarium sa - Kilo	" " "	" 0,75.

Glansverven (tjèt gilap) sabèn 100 K. G.	angsal soedan 10%.
--	--------------------

Pabrik tjèt	R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN	- DJOKJA.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji

dan Toekang emas.

Adres jang

moerah

DJOKJA BANDOENG

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-

LODJI dan PERKAKAS

EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran

Swara Tama

dapat POTONGAN.

## OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

Kerkop dalah grafkapel ing Ambarawa binnerkahan.

Dinten Ngahad éndjing tg. 19-7-'31, wanjit djam 9.30, kerkop kanggé para sadèrèk Katoelik ing Ambarawa toewin grafkapel ingkang badé kagem pasaréjanipoen para Ramarama Pastoor, para Zuster lan para Broeder ing Ambarawa, Semarang, Salatiga lan ing Giri-Santa dipoenberkahi.

Inggang rawoeh: para Rama Pastoor ing Ambarawa, Salatiga, Giri-Santa lan Semarang, para Broeder lan Zuster ing Ambarawa, padoea Toean A.R. ing Salatiga, ingkang Wedono ing Ambarawa, wawakil ing Architectenbureau Fermont & Cuypers, Welandi sawatawis saking Semarang, sadèrèk Katoelik Welandi toewin Djawi ing Ambarawa; kadjawi poenika moerid-moerid normalekoel kalih-kalihipoen pisan lan moerid-moerid R. K. Mulo oegi sami dateng.

Inggang mberkahi pandjenganipoen Rama Rector, Dr. L. van Rijckevorsel, kabijantoe Rama Verhoeven lan Rama J. Huygens. Sasampoenipoen kerkop dalah grafkapel binnerkahan, Rama Rector ladjeng medar sabda, soeraosipoen :

a. Ngandikakaken babadipoen adeging grafkapel waoe (ingkang kagoengan adada pandjenganipoen Superior) ing satawan Djawi saweg wonten satoenggal grafkapel ingkang kados poenika.

b. Mahjakaken genging panoewoenipoen dateng Architecten-en ingenieursbureau Fermont en Cuypers, déné pandamelipoen grafkapel saé sanget lan santosa, toer sampoen kalaras kalijan kawontenanipoen, bentèr-asreping tanah Djawi. Ing témbok silih kiwa lan tengen kapara ngadjeng wonten kotakanipoen (nissen) 18, kagem pasaréjanipoen para Rama Pastoor; kepara radi mewingking oegi wonten kotakanipoen (nissen) 18, ingkang 9 kagem para Broeder, ingkang 9 kagem para Zuster.

c. Ngandikakaken sapinten paedahipoen manawi parochie gadah kerkop pijambak.

d. Nerangaken saenipoen, déné pasaréjanipoen para Rama Pastoor saged toenggil sapanggéan kalijan koebroeripoen sadèrèk Katoelik sanèsipoen.

Satelasing pangandikanipoen Rama Rector, ladjeng sami dipoenportrèt.

Ngadjengaken djam 11 bibaran.  
LARÉ PENING.

INDONESIA

Retrèt-retrèt ing „Giri-Sonta” ingkang sampoen. 6 April — 28 Djoeni sampoen wonten retrèt: 8. Inggang toemoet wonten: 147, sadaja namoeng kakoeng. Samanten poenika ingkang Wlandi: 89; ingkang Djawi: 56; ingkang Tionghwa: 2. Dados sadèrèk Djawi boten poeroen kantoen! Nanging sampoen ladjeng soeda, setoen malah mindaka! Namoe sadèrèk Tionghwa taksih kesekediken sanget! Sanèsipoen, wonten poendi?

P. P. K. D. loemebet dateng P. P. P. K. I. P. P. K. D. sampoen jasa studie-commissie kanggé nliti, poenapa P. P. K. D. saged loemebet ing P. P. P. K. I. Nanging „Boedi-Oetama” lan „Aksi” sampoen gadah pamanggih jèn kalih-kalihipoen béda ing principe. Kita ngentosí kémawon angsal-angsalanipoen Studie-Commissie.

VATICAN

Pitoeloenganipoen Allah ingkang dipoendjagékaken ing K. S. Bapa. Manoe Reuter K. S. Bapa sampoen naté ngandika dateng delegatie-nipoen „Propaganda Fide”,

jèn swasananing prakawis Itali—Vaticaan taksih peteng, malah ing tjakra-wala mendoengipoen kadamel saja anggentaweng. Nanging K. S. Bapa pitados, jèn Goesti Allah mesti badé paring loeloedang.

Lampah fanatiek. „Aneta-Transocean” martosaken, jèn ing Gréja St. Pieter pinanggih bom, ingkang kapasang ing satoenggiling kamar bihan. Toedjoenipoen sadèrèngipoen andjebloeg konangan. Ladjeng dipoensingkiraken dateng ing kebon Vaticaan; wonten ing rikoe ladjeng mletoes; boten wonten tijang ingkang katiwasan. Namoe bom waoe mila dinamel pengengan, awit ing sak-kita Roem soewantenipoen kapireng. Oepami mletoesipoen waoe wonten ing salebeting St. Pieter pijambak, mesti ngrisak - ngrisakaken katah sanget. Poenapa poenika déné lampah fanatiek, prasasat tanpa tanding?

SEPANJOL

Soemerep tata. K. W. P. martosaken, kados-poendi tandoekipoen Radja - Dongkol ing Sepanjol kala K. S. Bapa, Benedictus XV. ijasa aksi-katentrem (1917).

Kala samanten Inggris ingkang ngroemijini ngadjengi katentrem medal Vaticaan; poenika kalam-pahanipoen woloeng dintenipoen bakda K. S. Bapa ngintoenaken nota (amrih sami bedamèna) dateng para pradija-nagari. Staatssecretaris von Kühlmann gandèng kalijan Rijkskanselier Michaelis nampik medal Vaticaan lan milih medal Madrid, awit soeka soemerep dateng Madrid, soepados tjrijosa dateng Inggris, jèn Djerman inggih poeroen bedamèn; mangka kala samanten Vaticaan sanget anggènipoen njanjangan wangsoelan saking Djerman. Poenika rak lampah kirang leres. Sang Praboe Alfonso XIII ngertos, jèn K. S. Bapa nedya dipoensingkoer; milaniipoen ngoedi, soepados

regeering Sepanjol sampoen poeroen nglantaraken, nanging ngakèna von Kühlmann medal ing Vaticaan. Lan poenika inggih kalampahan oegi. POLEN.

Kanggé tanda anggènipoen solidar. Para K. Biskop ing Polen sami andawoehaken:

Saking dawoehipoen para K. Biskop dinten 29 Djoeni (riajani-poen S. Pétroes lan Paoloes) dipoenganggé déning tijang Katoelik ing Polen dados dinten-sembah-jangan, perloe njembahjangan K. S. Bapa. Poenika kanggé nélakaken anggènipoen noenggil raos kalijan sadèrèk Katoelik ing Itali, ingkang sami nandang riribed margi saking imaniipoen.

DJEPANG.

Perskonprènsi Katoelik ing Tokyo. Inggang dipoereng bag ing konprènsi waoe poenika bab badé ngwontenaken serat kabar Katoelik minggon ageng. Sadjatosipoen ingkang dipoenrembag kados - poendi anggènipoen manoennggilaken serat-serat kabar Katoelik warni warni dados serat kabar satoenggal ingkang ageng; awit doemoegi kala samanten inggih sampoen wonten ss. kk. Katoelik warni - warni (Cf. Sw. Tm. No. 19). Poetoesanipoen: sk. „Nippon Catholic Shinbun” (Tokyo), sk. „Kōmyō” (Sapporo) toewin sk. „Kyōhō” (Nagasaki) kadadosaken satoenggal nama: „Nippon Catholic Shinbun”, kaetjap ing Tokyo. Makaten poenika mesti kémawon andadosaken indaking op-laag lan medaking regi toer saja saening poen isi. Kadjawi poenika badé dipoewontenaken orgaanipoen para missionaris: „Actio Missionaria”, mawi basa Latin. Déne „Nippon Catholic Shinbun” énggal mawi basa Djepang.

CORRIGENDA.

Sw. Tm. 29; Kabar Katoelik; Seminari ing Ngajodja. Ing ri-

koe dipoenseboetaken, jèn tjatjahing student-ipoen wonten: 62, leresipoen wonten: 68 (sawidak wolo).

Lan malih katja III, kol. 3, Central Missie-Bureau ing den Haag. Temboeng - temboeng ing poengngakan wiwit tanding . . . 3 kaanggepa boten wonten.

CORRECTOR.

## KABAR OEMOEM.

INDONESIA.

ONDERWIJS.

Wonten Volksraad.

Memorie van Antwoord, kadjawi sanès - sanès amratélakaken.

a. Soebisidi Frobelscholen fl. 00.000. ladjeng kasoeda f85.000. poenika margi taksiran kanggé taoen 1931 tétéla saklangkoeng inggil.

b. Paréntah boten njoemerepi manawi ing tanah Sabrang kadosta ing Atjih kala - kala wonten tindak saking bestuur ameksa' tijang sepeh njakolahaken anakipoen (- dateng pamoelangan doesoan). Manawi tijang saged amboektékaken poenika kanti tjeta mesti ladjeng saged ka-oeroes ingkang genah.

c. Prakawis njoekani pasinaon agami wonten sakolahan doesoan, paréntah boten kawraton, djer sakolahan doesoan makaten gadahani-poen doesoan déné gadahanipoen doesoan déné gadahanipoen goepermèn: dados tijang ndoesoen pijambak saged anemtokaken prakawis waoe. Nang'ng paréntah inggih boten angadjengi manawi ladjeng wonten peksan.

d. Ing wekdal ingkang akir poenika, paréntah ibtijar ngawontenaken piwoelang tatanèn wonten ing Standaardschool, sarta piwoelang tatanèn sataoen kanggé laré wedalan Normaalschool wonten ing Landbouwcursus ing Kota Baroe (Bogor) sarta ing Tegalganda, Soerakarta.

e. Paréntah dèrèng poeroen soeka katrangan roemijin prakawis ngawontenaken piwoelang basa Walandi wonten ing Standaardschool goepermèn, sabab prakawis poenika badé karembag wonten papriksan herodending. . . . Ing Molukken oegi dipoenwonteni klas 6 wonten angka kalih goepermèn.

f. Paréntah boten njaroedjoeki pamanggihipoen warga ingkang gadah pamanggih njoewak toelage-nipoen pantoen koersoes goeroe doesoan. Toelage waoe kanggé leiders wonten f25 - f30, déné hulpkraft pikantoe toelage f15 - f20, sarta anggènipoen moelang rajak kinten - kinten 18 - 24 djam ing dalem saminggoe; dados toelage namoeng sakedik sanget. Mula manawi ladjeng kasoewak, koewatos manawi ladjeng boten wonten ingkang poeroen dados leiders.

Mr. Iwa Koesoemasoemantri.

Waloja saking sasakit kominis. Toewan Oto Iskandardinata tjatjij wonten Volksraad soeraosipoen

makaten. Mr. Iwakoesoema Soemantri poenika anggènipoen kakèndangan roemaps koela margi pijambakipoen kominis. Mula manawi ingkang dados sabab waoe itjal, temtoenipoen kedah ladjeng boten kakèndangan. Koela soemerep tjeta Mr. Iwa Koesoema Soemantri sampoen saras saking sasakit kominis. Minangka boekti, koela mratélakaken salah satoenggiling seratiipoen ingkang dateng mitranipoen, sarta saking mitranipoen waoe koela dipoenkoewaosaken angrembag wonten ngriki. Mr. Koesoema Soemantri wonten serat poenika mratélakaken makaten: „Anggèn koela késah dateng Moskou, poenika mligi saking derenging manah njoemerepi kawontenan. Poenapa ingkang sampoen koela soemerepi, lan koela alami, anjarasaken sasakit koela seneng kalijan kominisme.

Kadjawi poenika, minangka boekti malih inggih poenika anggènipoen Mr. Iwa Koesoema Soemantri neda njamboet damel wonten goepermèn. Mula pamedar sabda waoe neda soepados boten kateroesaken anggènipoen nagari njétrakaken Mr. Koesoema Soemantri.

## MANTJA NAGARI.

DJEPANG — TIONGKOK. Baé-kot barang Djepang.

Gandèng kalijan ontran - ontran Tionghoa — Djepang ing Korea, pakempalan pangajomanipoen Tionghoa ingkang sami wonten sabrang, kadadosan saking wawakilng pakempalan - pakempalan dagang toewin pakempalan sanèsipoen ing Shanghai, ngedalaken wara - wara ingkang kedah katagosaken para soedagar Tionghoa, soeraosipoen makaten :

„Soedagar-soedagar Tionghoa kang sawisé tanggal 14 Djoeli nekaké oetawa koelak barang-barang Djepang, manawa konangan lan tinemoe loepoet bakal siniksa abot.”